



**DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH  
KABUPATEN PURWAKARTA**

Jalan Ir. H. Djuanda No. 11 Telp. (0264) 207908  
Purwakarta

**RISALAH :SAWALA KARAHAYUAN DPRD  
KABUPATEN PURWAKARTA DINA  
RARAGA MILANGKALA PURWAKARTA KA  
190 SARENG KABUPATEN PURWAKARTA  
KA 53**

DINTEN : REBO;

PING : 21 JULI 2021;

TABUH : 08.30 WIB

TEMPAT : RUANGAN RAPAT PARIPURNA DPRD

**BISMILAHIRROHMANIRROHIM**

ASSALAMU'ALAIKUM WR. WB.

SALAM KAWILUJENGAN KANGE URANG SADAYA

*SAMPURASUN.....*

ANU DIPIHORMAT            BUPATI PURWAKARTA, SARENG  
WAKIL BUPATI PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT            WAKIL KETUA KOMISI IV DPR-  
RI BPK. H. DEDI MULYADI, SH

ANU DIPIHORMAT            GUBERNUR JAWA BARAT KALIH  
IBU

ANU DIPIHORMAT            KETUA DPRD PROVINSI JAWA  
BARAT

ANU DIPIHORMAT            SEKRETARIS DPRD PROVINSI  
JAWA BARAT

ANU DIPIHORMAT            KEPALA BIRO DEKOSENTRASI  
SETDA PROVINSI JAWA BARAT

ANU DIPIHORMAT UNSUR FORUM KOMUNIKASI  
PIMPINAN DAERAH  
KABUPATEN, DIANTAWISNA :

ANU DI PIHORMAT DANLANUD SURYA DARMA;

ANU DIPIHORMAT KEPALA KEPOLISIAN RESORT  
PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KEPALA KEJAKSAAN NEGERI  
PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KOMANDAN DISTRIK MILITER 0619  
PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KETUA PENGADILAN NEGERI  
PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KETUA PENGADILAN AGAMA  
KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KEPALA KEMENTRIAN AGAMA RI  
KAB. PURWAKARTA ;

ANU DIPIHORMAT KOMANDAN RESIMEN ARMED  
1/SY/I KOSTRAD;

OGE ANU DI PIHORMAT DAN YON ARMED 9  
PASOPATI;

ANU DIPIHORMAT KOMANDAN SUBDENPOM III  
PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KA LAPAS KABUPATEN PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT KETUA MUI KABUPATEN  
PURWAKARTA;

ANU DIPIHORMAT PARA WALIKOTA/BUPATI SA  
PROVINSI JAWA BARAT;

ANU DIPIHORMAT KETUA DPRD SA PROVINSI JAWA  
BARAT;

ANU DIPIHORMAT SEKRETARIS DPRD SA PROVINSI  
JAWA BARAT

ANU DIPIHORMAT PARA MANTAN BUPATI SARENG  
WAKIL BUPATI PURWAKARTA

ANU DIPIHORMAT PARA MANTAN ANGGOTA DPRD  
KABUPATEN PURWAKARTA

ANU DIPIHORMAT PARA MANTAN SEKRETARIS DPRD  
KABUPATEN PURWAKARTA;

PARA REKTOR, PAGURON LUHUR SINARENG  
PINGPINAN PARTAI POLITIK OGE  
PINGPINAN ORGANISASI  
KEMASYARAKATAN, ANU  
KAGABUNG DINA ORGANISASI  
WANITA, PEMUDA, MAHASISWA,  
PROFESIONAL KATUT  
FUNGSIONAL;

ANU DIPIHORMAT PARA CAMAT, LURAH MIWAH  
PARA KEPALA DESA;

ANU DIPIHORMAT SEKRETARIS DAERAH SARENG  
PARA PINGPINAN PERANGKAT  
DAERAH PEMERINTAH  
KABUPATEN PURWAKARTA

PARA ALIM ULAMA, TOKOH MASYARAKAT SINARENG  
PARA WARTAWAN ;

ANU DIPIHORMAT BAPAK SINARENG IBU ANU SAMI  
SAMI HADIR DINA KASEMPETAN IEU BOH ANU  
NGALANGKUNGAN MEDIA VIDEO CONFERENCE OGE  
ANU NGIRING NGALUUHAN SAWALA PARIPURNA  
LANGSUNG DI BALE DPRD KABUPATEN PURWAKARTA

MUGI SADAYANA AYA DINA GINANJAR  
KAWILUJEUNGAN, KABAGJAAN, TUR AYA DINU  
ROHMAT NA ALLAH.

PUJI SINARENG SYUKUR URANG SANGGAKEUN KA  
ALLAH SWT ANU TOS MAPARIN RAHMAT SARENG  
HIDAYAH KA URANG SADAYANA. DUGI KADANGET IEU,  
URANG MASIH DIPAPARIN KASEMPETAN KANGGO  
SASARENGAN NGIRING NGALUUHAN SAWALA  
PARIPURNA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA DINA  
RARAGA MIELING MILANGKALA PURWAKARTA ANU KA  
190 SARENG KABUPATEN PURWAKARTA ANU KA 53.

DINA KASEMPETAN IEU SIMKURING SEJA NGAHATURKEUN REBU NUHUN LAKSAKETI KABINGAHAN KANA KASUMPINGAN BAPAK MIWAH IBU, SARENG SADEREK SADAYA.

SHOLAWAT KALIH SALAM TEU HILAP KASANGGAKEUN KA KANJENG ANU MULYA NABI MUHAMMAD SAW, MUGIA SOLAWAT KALIH SALAM OGE DI DUGIKEUN KA KULAWARGA, SOHABAT SINARENG KA PARA UMATNA DUGI KA AKHIR JAMAN. KALAYAN NGUCAPKEUN "**BISSMILLAH HIRROHMAN NIRROHIM**" SAWALA PARIPURNA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA DINA DINTEN IEU REBO KAPING 21 JULI 2021 DIBUKA .

-----KETUK PALU 3 X-----

BAPAK SINARENG IBU ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT SATEUACAN DIKAWITAN SAWALA PARIPURNA DINA DINTEN IEU, SIMKURING NEDA WIDI PIKEUN NGADUGIKEUN SABABARAHAL HAL DIANTAWISNA.

SAKUMAHA KAUNINGA, SARENG KATINGAL TUR KASAKSIAN KU URANG SADAYA MANGSA KIWARI WABAH COVID 19 MASIH KENEH AYA DI SABUDUREUN URANG SADAYA, KU HAL ETA URANG SADAYANA SALAWASNA KEDAH TARAPTI SARENG WASPADA .

BUPATI PURWAKARTA SALAKU PUPUHU KABUPATEN PURWAKARTA PARANTOS NGALAKSANAKEUN INSTRUKSI MENTERI DALAM NEGERI NOMER 19 TAUN 2021 TENTANG PERUBAHAN KETIGA INSTRUKSI MENTERI DALAM NEGERI NOMOR 15 TAHUN 2021 NGEUNAAN PEMBERLAKUAN PEMBATAAN KEGIATAN MASYARAKAT DARURAT CORONA VIRUS DESEASE 2019 DI SABUDEUREUN WILAYAH JAWA SARENG BALI, NGALANGKUNGAN SERAT EDARAN NOMOR 443.1/2178/HUK DI ROJONG KU SERAT EDARAN NOMOR 176/SATGASCOVID-19/VII/2021 NGEUNAAN PETUNJUK OPERSIONAL TENTANG PEMBERLAKUAN PEMBATAAN KEGIATAN MASYARAKAT (PPKM) DARURAT CORONA VIRUS DESEASE 2019 DI SABUDEUREUN WILAYAH KABUPATEN PURWAKARTA.



HAL ETA MANGRUPAKEUN SALAH SAHIJI IKHTIAR TI PAMARENTAH KANGE MEUGATKEUN VIRUS CORONA SUPAYA TEU SUMEBAR KAMANA MANA.

KU KITUNA GEUS MANGRUPAKEUN KAWAJIBAN URANG SADAYA PIKEUN MILU NYIPTAKEUN SUASANA ANU AMAN TUR KONDUSIF DINA NGALAKSANAKEUN KETENTUAN ANU DIMAKSAD SANGKAN BISA NGAMINIMALISIR KORBAN, OGE KALAYAN NEKEN SIKLUS PENYEBARAN NANA.

BAPAK / IBU / KALIH WARGI ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT.

DINA DANGET IEU SIMKURING KATUT RENGRENGAN ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA,

SEJA NGADUGIKEUN BELA SUNGKAWA UTAMINA KANGGO KA MASYARAKAT ANU JANTEN KORBAN, OGE KA SALAH SAWIOS ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA TI FRAKSI GOLKAR ANU DI PIKA DEUDEUH KU URANG SADAYA BPK. H. KOMARUDIN, SH.MH ANU PARANTOS NGANTUNKEUN ALAM PAWENANGAN

MUGIA KALEBET KANU GOLONGAN MARAOT SYAHID, SING  
DITAMPI IMAN ISLAM NA, DI SISIEUN GUSTI ALLAH SWT.

OGE KA KULAWARGI ANU DIKANTUNKEUN SING DIPAPARIN  
KASOBARAN SARENG KARIDLOAN ALLOH SWT.

URANG ULAH PETOT NGADU'A TUR NGAJAGA, SANGKAN  
DIRI URANG TUR SAKUMNA LINGKUNGAN SABUDEUREUN  
URANG KALAYAN DIJAGA SALAWASNA KU GUSTI ANU MAHA  
AGUNG.

AAMIN AMIN AMIN YA ROBBAL ALAMIN

OGE TEU HILAP WILUJENG BOBORAN IDUL ADHA 1442 H.  
MUGI URANG SADAYA TIASA NGAJAGI SUMANGET IDUL  
ADHA, NGAJAGI KASAIMBANGAN HUBUNGAN KA GUSTI  
ALLOH SARENG KA PAPADA MANUSA

TETEP NGAJAGI SUMANGET ANU WEUTEUH DINA ENGGONING NERASKEUN SARENG NINGKATKEUN IBADAH KA GUSTI ALLOH.

KANU TEU ACAN AYA KASEMPETAN PIKEUN NGALAKSANAKEUN IBADAH HAJI DINA TAUN IEU, MUGIA DIPAPARIN NASIB SARENG NISHOB KANGGE TIASA NGALAKSANAKEUN IBADAH HAJI DINA TAUN ANU BAKAL SUMPING.. AAMIIN YRA

BAPAK/IBU/ KALIH PARA WARGI ANU KU SIMKURING DI PIHORMAT

DINU LKPJ BUPATI TAHUN ANGGARAN 2020 PARANTOS DI JENTREKEUN YEN TAHUN 2018-2023 PURWAKARTA NGAGADUHAN VISI

NYAETA "NGAWUJUDKEUN PURWAKARTA ISTIMEWA" SARENG MISI ANU DIANTAWISNA :

1. NINGKATKEUN KUALITAS PENDIDIKAN, KASEHATAN JEUNG KESEJAHTERAAN SOSIAL ;

2. NINGKATKEUN TATA KELOLA PAMARENTAH ANU HADE, BERSIH TUR PROFESIONAL;
3. NGAWUJUDKEUN PANGWANGUNAN INFRASTRUKTUR JEUNG PENGEMBANGAN PARIWISATA NU BERWAWASAN LINGKUNGAN ANU BERKELANJUTAN; SARENG
4. NGEMBANGKEUN PEREKONOMIAN RAHAYAT ANU WEWEG, PANCEG DUMASAR KANA PADESAAN.

SAKUMAHA KAUNINGA KU URANG SADAYA YEN 2020 MANGRUPAKEUN TITI MANGSA ANU SULIT KEUR URANG SADAYA, DIMANA DINA TAUN 2020 URANG NYANGHAREUPAN PANDEMI COVID 19 ANU PARANTOS NGAROBAN TATANAN KAHIRUPAN DINU WIDANG EKONOMI, SOSIAL JEUNG BUDAYA.

RANCANGAN PANGWANGUNAN DINU SAGALA WIDANG KUDU DITUNDA JEUNG DIALIHKEUN PIKEUN NGUTAMAKEUN PENANGANAN COVID 19.

PAMARENTAH DAERAH JEUNG SAKUMNA PAMANGKU KAWIJAKAN GEUS NGUPAYAKEUN NGALANGKUNGAN SABABARAH KAWIJAKAN STRATEGIS PIKEUN MULIHKEUN SARTA NINGKATKEUN DEUI KONDISI MASYARAKAT AKIBAT PANDEMI KANU LEWIIH HADE DEUI.

BAPAK IBU KALIH WARGI ANU KU SIM KURING DIPIHORMAT.

SALUYU JEUNG TEMA MILANGKALA MIELING PURWAKARTA ANU KA 190 SARENG KABUPATEN PURWAKARTA ANU KA 53 , NYAETA **"MUPUSTI JALAN KA CAI, MUKA KEUN JANDELA UBAR"** NGANDUN GHARTI NGAMULYAKEUN ALAM LEMAH CAI, NGAMULYAKEUN HIRUP DINA JALAN KAHIRUPAN PIKEUN NEPI KANU KABAGJAAN DUNYA JEUNG AKHERAT.

ANU DI BAREUNGAN KU WEUNINGNA ATI BERSIHNA HATE NU BAKAL JADI UBAR DINA KAHIRUPAN SAKUMAHA ANU DI TUJU MASYARAKAT PURWAKARTA ANU SILIH ASAH SILIH ASAH JEUNG SILIH ASUH.

BENKUNG NGARIUNG BONGKOK NGARONYOK, KOMPAK SASARENGAN PIKEUN NGAWANGUN SINERGRITAS GAWE BARENG, SATATA SARAKSA DINA NGAHONTAL VISI NGAWUJUDKEUN PURWAKARTA ISTIMEWA. SABEUNGKEUTAN SAPAMADEUGAN SAREUNDEUK SAIGEUL SAPIHANEAN DINA NGAROJONG PANG WANGUNAN DI KABUPATEN PURWAKARTA ISTIMEWA. SANGKAN JADI KABUPATEN PURWAKARTA ANU LEUWIH HADE DEUI. AAMIIN.. YRA

BAPAK/IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DI PIHORMAT

SALAJENG NA BARIS DI SEBATKAN RUNTUYAN ACARA SAWALA PARIPURNA DANGET AYENA NYAETA

1. BUBUKA ;
2. AOSAN AYAT SUCI AL QUR'AN;
3. - LAGU INDONESIA RAYA;
- MARS PURWAKARTA;
4. BABAD PURWAKARTA;
5. BEANTARA
- . BUPATI PURWAKARTA;

- . GUBERNUR JAWA BARAT;  
6. DOA/PANUTUP.

MILANGKALA PURWAKARTA KA-190, LUYU SARENG PERATURAN DAERAH NOMER 2 TAUN 2006 ANU SAJARAHA NYOKO KANA PINASTEN BESLUIT NOMOR 2 TANGGAL 20 JULI 1831 NGEUNAAN PAWASTAAN WILAYAH ANU DISEBAT PURWAKARTA..

SEDENGKEUN MILANGKALA KABUPATEN PURWAKARTA ANU KA – 53, DIDASARAN KU UNDANG UNDANG NOMER 4 TAUN 1968, NGEUNAAN PEMBENTUKAN KABUPATEN PURWAKARTA JEUNG KABUPATEN SUBANG, KU NGAROBAN UNDANG-UNDANG NOMOR 14 TAUN 1950, NGEUNAAN PEMBENTUKAN DAERAH KABUPATEN, DI LINGKUNGAN PROVINSI JAWA BARAT. NAMUNG KULANTARAN KONDISI AYENA ANU TEU NYOKONG KANA KAYAAN. NUMUTKEUN KANA HASIL RAPAT BADAN MUSYAWARAH PING 14 JULI 2021 GEUS DI PAHEUTKEUN REHNA SAWALA KARAHAYUAN RAPAT PARIPURNA DPRD DINA RARAGA MILANGKALA MIELING KABUPATEN

MIWAH PURWAKARTA DILAKSANAKEUN DINTEN AYENA.  
POE REBO PING 21 JULI 2021.

DINA DANGET IEU, ESTU KAWILANG BAGJANA, SIM KURING  
ASMANA PIMPINAN, KALIH SAKUMNA ANGGOTA DPRD  
KABUPATEN PURWAKARTA, KEDAL LISAN PANGWILUJENG,  
MILANGKALA PURWAKARTA KA-190 SARENG MILANGKALA  
KABUPATEN PURWAKARTA KA-53. MUGIA URANG SADAYA,  
HUSUSNA MASARAKAT PURWAKARTA, TITIMANGSA  
AYEUNA, NGAJANTENKEUN KAKIATAN ANU WEWEG,  
KANGGO NGARONJATKEUN PANGWANGUNAN ANU  
SAGEMBLENGNA.

TEU HILAP OGE NGAHATURKEUN PANGWILUJENG  
MILANGKALA HARI BHAKTI ADHYAKSA KA-61 PING 22 JULI,  
SARENG MILANGKALA BHAYANGKARA ANU KA-75. MUGIA  
GINULUR KARAHAYUAN - GINANJAR KAWILUJENGAN,  
KALAYAN KUKUH PENGKUH DINA NGEMBAN PANCEN  
SEWANG-SEWANGAN.

BAPAK IBU KALIH WARGI ANU KU SIM KURING  
DIPIHORMAT



LUYU SARENG KASAPUKAN PARA ANGGOTA DEWAN, DINA  
GEMPUNGAN BADAN MUSYAWARAH,

WIREH MILANGKALA PURWAKARTA SARENG KABUPATEN  
PURWAKARTA, HAKEKATNA MAH NYOREANG MANGSA KA  
TUKANG. SAKANTENAN NGAJI DIRI, SUPADOS URANG  
SADAYA, SALAWASNA SYUKURAN KANA SAGALA RUPI  
KABAGJAAN ANU PARANTOS KAHONTAL, SAKANTENAN  
NALUNGTIK NAON RUPI KAKIRANGAN.

BAPAK IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DI  
PIHORMAT SALAJENGNA, PERYOGI DIDUGIKEUN

DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, DINA TAUN 2020-2021,  
SASARENGAN SARENG PAMARENTAH KABUPATEN  
PURWAKARTA, PARANTOS NETEPKEUN :

1. TAUN 2020
  - 12 PERATURAN DAERAH.
  - 21 KEPUTUSAN DPRD.
  - 16 KEPUTUSAN PIMPINAN.

- 13 KEPUTUSAN BERSAMA.
- 2. TAUN 2020 DUGI KA SASIH MEI AYEUNA
- 11 KEPUTUSAN DPRD .
- 6 KEPUTUSAN PIMPINAN.
- 2 KEPUTUSAN BERSAMA

ANU MASIH DIKEUREUYEUH KU DPRD AYEUNA, AYA 4  
(OPAT) RAPERDA DIANTAWISNA NYAETA:

1. RAPERDA DESA WISATA;
2. RAPERDA PENYELENGGARAAN PONDOK  
PESANTREN;
3. PENGELOLAAN ZAKAT; SARENG
4. RAPERDA PERTANGGUNG JAWABAN PELAKSANAAN  
APBD.

DIGARAP KALAYAN DARIA, ANU TAUN SAMEMEHNA TEU  
ACAN RENGSE.

KU KITUNA, SIM KURING SALAKU KETUA DEWAN, SEJA  
UMAJAK KA SAKUMNA WARGA MASYARAKAT, UTAMINA KA  
NU NYANGKING KALUNGGUHAN DI PAMARENTAHAN, HAYU  
URANG BABARENGAN, SAREUNDEUK SAIGEL, SABOBOT  
SAPIHANEAN, SABATA SARIMBAGAN, DINA MERENAHKEUN  
DIRI, JADI BAGIAN PIKEUN NGARARANCANG,  
NGALAKSANAKEUN TUR NALINGAKEUN LUMANGSUNGNA  
PANGWANGUNAN DI KABUPATEN PURWAKARTA, LUYU  
SARENG PANCEN TUR GARAPAN SEWANG-SEWANGAN,

RUPINA MUNG SAKITU NU KAPIHATUR. MUGIA PISANGGEM  
NEMBE TIASA JADI PANGGEUING, OGE PAMAGEUH  
CANGREUD NU NGAHUDANG KASADARAN URANG SADAYA.  
UTAMINA KANGGO PAMARENTAH DAERAH OGE DPRD.

BAPAK/IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DI  
PIHORMAT

KANGGO LANCAR IEU ACARA, SIM KURING NEDA BANTOSAN KA PANUMBU CATUR, KANGGO NUYUN LUMANGSUNGNA ACARA SALAJENGNA.

KA PANGANTEUR ACARA SUMANGGA DIHATURANAN--

**CATATAN : RAPAT DIPANDU OLEH PEMBAWA ACARA SAMPAI DENGAN PELAKSANAAN ACARA PEMBACAAN DO`A, SETELAH SELESAI KEMUDIAN PEMBAWA ACARA MENYERAHKAN KEMBALI KEPADA PIMPINAN RAPAT. SELANJUTNYA RAPAT DILAKSANAKAN SEBAGAI BERIKUT :**

HATUR NUHUN KA PANUMBU CATUR, KANGO BANTOSAN NANA.

BAPAK IBU KALIH PARA WARGI ANU KU SIM KURING DI PIHORMAT,

SAKUMAHA ANU PARANTOS DIDUGIKEUN KU BUPATI. REHNA PURWAKARTA PARANTOS NGUKIR SABABARAHA PRESTASI ANU KALAYAN NGABAGEAKEUN KANGGO URANG SADAYA, ANU TIASA DI KUTIP DIANTAWISNA :

1. DINA WIDANG PENDIDIKAN, PANGWANGUNAN JEUNG REHABILITASI SARANA PENDIDIKAN, PANGUATAN PENDIDIKAN KARAKTER TATANEN DI BALE ATIKAN, PANGUATAN PENDIDIKAN KARATER ANU DUMASAR TRI SENTRA PENDIDIKAN;
2. WIDANG KASEHATAN, PANGWANGUNAN SAUNG AMBU DI SABABARAHA DESA ;
3. WIDANG KESEJAHTERAAN SOSIAL PEMBINAAN KA LEMBAGA SARENG SUMBER SUMBER KASEJAHTERAAN SOSIAL;
4. WIDANG INFRASTRUKTUR, PENINGKATAN JALAN, PANGWANGUNAN JEMBATAN DARURAT, PANGWANGUNAN JALUR LINGKAR BARAT SARENG TIMUR, SARENG PANGWANGUNAN JARINGAN AIR BERSIH ;

5. WIDANG LINGKUNGAN HIDUP, PENGENDALIAN, PENCEMARAN SARENG PERUSAKAN LINGKUNGAN HIDUP;
6. WIDANG EKONOMI, KAMAJEUNGAN EKONOMI DAERAH MASIH KATAWIS TINU HAL INVESTASI DAERAH;
7. WIDANG PARIWISATA, PURWAKARTA NGAGADUHAN POTENSI AGEUNG LAJENG PAMARENTAH PARANTOS NGALAKUKEUN SABABARAH PAMEKARAN DI WIDANG PARIWISATA; SARENG
8. WIDANG PAMARENTAHAN, PAMARENTAH TERUS NGARONJATKEUN KAMAMPUAN SDM APARATURNA DINA RARAGA NGAWUJUDKEUN TATA PAMARENTAHAN ANU ALUS, HADE TUR PROFESIONAL .

ESTU KAWILANG BAGJANA, SIM KURING ASMANA PIMPINAN, KALIH SAKUMNA ANGGOTA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, HAYU URANG JANTENKEUN MOMENTUM EVALUASI KA SAKUMNA ELEMEN WARGA PURWAKARTA,

SANGKAN SALAWASNA NGABEBENAH DIRI SEJA MIGAWÉ  
KARYA NU RANCAGE NGAJARI BAKTI LAJU JADI  
PANGJURUNG LAKU RAHAYU. SATANAGA SAKADUGANA  
DINA RARAGA NGAWANGUN TIMUHUNGNA KAAYAAN  
KOTA,  
RUKUK JUKUNG SAUYUNAN NGAWANGUN SINERGITAS  
GAWÉ BARENG, SATATA SARAкса DINA NGAHONTAL VISI  
NGAWUJUDKEUN PURWAKARTA ISTIMEWA.

SANGKAN JADI KABUPATEN PURWAKARTA ANU LEUWIH  
HADE DEUI.

AAMIIN.. YRA

RUNTUYAN ACARA PARANTOS RENGSE DILAKSANAKEUN  
KALAYAN LANCAR TUR TARTIB.

PANUTUP LAKU PAMUNGKAS BASA, SIM KURING SALAKU  
KETUA DPRD KABUPATEN PURWAKARTA, NGAHATURKEUN  
SEWU NUHUN LAKSA KETI KABINGAHAN KA PARA WARGI  
SADAYA, ANU PARANTOS LUNTUR GALIH KERSA  
RURUMPAHEUN SUMPING NGALUUHAN RAPAT DINA  
DANGET IEU.

SIM KURING NEDA DIHAPUNTEN BOH BILIH LANGKUNG  
SAUR BAHE CAREK, AYA BASA NU KIRANG MERENAH  
NGALARAPKEUNANA, TEU LUYU SARENG TETEKON, NEDA  
TAWAKUP ANU KASUHUN.

SAKALI DEUI, WILUJENG MILANGKALA PURWAKARTA KA  
190 SARENG MILANGKALA KABUPATEN KA 53.

SAKITU ANU KAPIHATUR, KALAYAN NYEBAT,

**"ALHAMDULILLAHIRROBIL'ALAMIN"**

SAWALA KARAHAYUAN DPRD KABUPATEN PURWAKARTA  
DINTEN REBO, KAPING 21 JULI 2021, KU SIM KURING :

===== DI TUTUP =====

===== KETOK PALU 3 KALI =====



BILLAHITTAUFIQ WALHIDAYAH.

WASSALAMUALAIKUM WR WB.

DEWAN PERWAKILAN RAKYAT DAERAH

KABUPATEN PURWAKARTA

SEKRETARIS,

KETUA DPRD

ttd

ttd

**Drs. H. SUHANDI, M.Si**

**H . AHMAD SANUSI, SM**